



Regroupement Education Pour Toutes et Tous

Regwoupman Edikasyon pou Tout Moun

**Deklarasyon Fowòm Mondyal sou Ledikasyon (Incheon, Kore Disid, 19-21 me 2015) : Òganizasyon nan sosyete sivil onivo mondyal la atravè Kanpay Mondyal pou Ledikasyon (CME) salye li kòm yon vizyon « pwogresis » pou ledikasyon pou lane 2016 rive 2030**

**Regwoupman Edikasyon Pou Tout Moun (REPT) konsidere Deklarasyon Fowòm Mondyal sou Ledikasyon kòm yon gwo avanse pou tout moun jwenn bon kalite ledikasyon piblik gratis.**

1.- Regwoupman Edikasyon Pou Tout Moun (REPT), atravè Kòdonatè Jeneral li, William Thelusmond, te patisipe nan **Fowòm Mondyal sou Ledikasyon** ki te fèt soti 19 me pou rive 21 me 2015 la nan vil Incheon, peyi Kore Disid . Li te patisipe tou anvan sa nan **Fowòm ONG yo** jou 18 ak 19 me 2015 la nan Kore Disid tou pou fin prepare patisipasyon mouvman an nan fowòm ofisyèl la.

2- Fowòm ONG yo te soti yon deklarasyon kote yo te apiye pwojè Deklarasyon Fowòm Mondyal sou Ledikasyon jan sa te diskite ak negosye anvan Fowon nan.

3.-**Deklarasyon final Fowòm Mondyal sou Ledikasyon an chita prensipalman sou : edikasyon piblik gratis ; enpòtans anseyan ak anseyant kalifye, byen fòme, byen motive ; egalite fanm ak gason epi enklizyon, bon kalite ledikasyon ; rekonesans enpòtans patisipasyon mouvman sosyal pou dwa pou moun jwenn ledikasyon, òganizasyon nan sosyete sivil la. Li genyen ladan li tou angajman sou kesyon finansman ledikasyon an.**

4.-Men kèk nan prensipal angajman kle Leta yo ak lòt òganizasyon yo pran nan deklarasyon final la :

1. Douz (12) lane bon kalite edikasyon ekitab, gratis, nan nivo lekòl primè ak segondè (fondamantal ak segondè pou nou an Ayiti) ki fèt avèk finansman fon piblik. Nan yo gen nèf (9) lane ki obligatwa.
2. Pou pi piti yon lane bon kalite preskolè gratis ak obligatwa pou tout timoun :ak posibilite pou Timoun devlope, posibilite pou Timoun jwenn proteksyon epi pou yo jwenn bon kalite edikasyon depi yo toupiti.

3. Angajman pou lite kont tout fòm esklizyon ak majinalizasyon , angajman ki pran pou tout timoun gen menm chans pou al lekòl
4. Rekonesans enpòtans egalite nan mitan sèks yo pou reyalize dwa edikasyon an epi rekonèt angajman pou soutni yon politik nasyonal edikasyon, kreye yon anviwonman pou aprann ki konsidere de sèks yo.
5. Angajman pou yon bon kalite edikasyon ak pou amelyore rezilta nan aprantisaj yo, prensipalman avèk anseyan, anseyant ak edikatè, edikatis yo pi byen trete, yo rekrute komsadwa , ki byen fòme, ki kalifye pwofesyonèlman, ki motive epi ki jwenn soutyen.
6. Angajman pou ofri posibilite pou nou ka aprann byen pandan tout tan n ap viv
7. Rekòmandasyon aksyon kòm repons nan sitiyoasyon kriz ki garanti edikasyon kab fèt nan yon anviwonman pou moun aprann ki asire, ki jwenn api epi ki gen sekirize.
8. Afimasyon wòl primòdyal Leta a nan reyalize ajennda ki nan deklarasyon sa a.
9. Rafrech memwa pou konsakre pou ledikasyon pou pi piti soti 4 rive 6 pou san (4-6 %) nan PIB a ak oubyen soti 15 pou rive 20 pou san (15-20 %) nan total depans piblik yo

5.- REPT ansanm avèk lòt oganizasyon nan peyi a gen pou prepare pwopozisyon sou kijan nou ka rive jwenn rezilta n ap cheche yo.

6.- Regwoupman Edikasyon pou Tout Moun (REPT) renouvle angajman li te pran depi jiyè 2003 pou li kontinye fè pwomosyon ak defann dwa pou tout moun jwenn bon kalite edikasyon kòm dwa moun.

**8.- REPT mande Leta ayisyen pou fè nan avèk patisipasyon sosyete a an jeneral, mouvman sosyal yo anpatikilye, yon PLAN NASYONAL EDIKASYON pou ranmase tout angajman sa yo, kalkile konbyen sa ap koute, planifye kote ak kouman l ap jwenn lajan pou reyalize Plan an epi fè Palman an vote yo.**

9.- REPT lanse yon apèl pou yon mobilizasyon nan tout SOSYETE la pou nou rive reyalize angajman ki pran nan Fowòm Mondyal sou Ledikasyon 2015.

10.- REPT kwè fòk nou mobilize tou pou nou konstri yon Leta epi fè eleksyon nan peyi a poun mete bonjan otorite ki respekte dwa pèp ayisyen jwenn ledikasyon piblik gratis ak tout lòt dwa nou yo kòm moun , kòm pèp.

REPT, 3 jen 2015